

Nimewo 20.1

**D E K R È E G Z E K I T I F**

**Kontinye Deklarasyon Ijans pou Katastwòf nan tout Eta a akòz Pwopagasyon Kontinyèl Viris Varyòl Senj lan nan Eta New York**

**LÈ NOU KONSIDERE**, Òganizasyon Sante Mondyal la te deklare viris varyòl senj lan se yon ijans sante piblik ki konsène tout kominote entènasyonal la nan 23 jiyè 2022;

**LÈ NOU KONSIDERE**, akòz pwopagasyon kontinyèl viris varyòl senj lan ak gwo risk ke viris sa a poze pou sante moun, Komisè Sante Eta New York la te deklare viris varyòl senj lan yon menas iminan pou sante piblik nan 28 jiyè 2022;

**LÈ NOU KONSIDERE**, New York ap fè eksperyans kounye a youn nan pi gwo to transmisyon nan peyi a, kote yo rapòte 3124 ka nan Eta New York nan 26 out 2022;

**LÈ NOU KONSIDERE**, depatman sante lokal yo ap reyaji aktivman a epidemi varyòl senj lan atravè sipò ankèt, idantifikasyon kontak ak siveyans, administrasyon vaksen pou kontak ki ekspozè ak popilasyon aktyèl ki gen gwo risk ki sible yo epi edikasyon ak sansibilizasyon;

**LÈ NOU KONSIDERE**, gouvènman Eta New York la dwe sipòte minisipalite, lokalite ak konte yo nan efò yo pou fasilite ak administre vaksinasyon ak tèspou varyòl senj lan ak pou anpeche maladi a kontinye pwopaje;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, mwen menm, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Lwa Eta New York yo te konfyè mwen, avèk dokiman sa a, pwolonje eta dijans poutèt katastwòf jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 20 a epi kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 20 an jiska 27 septanm 2022; epi

**ANPLIS DE SA**, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a ijans poutèt katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje pwovizwaman pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jis nan dat 27 septanm 2022, sa ki annapre yo:

- Seksyon 3216(i)(17)(E), 3221(l)(8)(E) ak (F), ak 4303(j)(3) nan Lwa sou Asirans lan, nan mezi ki nesèsè pou: (1) egzije pwoteksyon, san okenn kopeman, ko-asirans, oswa

dediktib chak ane, pou vaksen kont viris varyòl senj lan, ak administrasyon sa a, lè yo bay nan rezo a oswa andeyò rezo a pou plan sante yo akeri nan oswa anvan 23 mas 2010 (Grandfathered) ak pou moun ki pa tonbe nan rekòmandasyon Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinasyon (“ACIP”) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi; epi (2) anile kopeman, ko-asirans, ak dediktib chak ane pou vaksen sa a, ak administrasyon li, lè yo bay yo andeyò rezo a anrapò ak moun ki anba rekòmandasyon ACIP;

- Seksyon 3221(h) ak (l)(3), 4303(e)(1), (f)(1), ak (l), ak 4328(b)(1) Lwa Asirans, nan mezi ki nesèsè pou anile kopeman, ko-asirans, ak dediktib anyèl pou: (1) tès laboratwa nan rezo a pou fè dyagnostik viris varyòl senj lan; epi (2) vizit pou fè dyagnostik viris varyòl senj lan nan lokal sa yo, ki gen ladan atravè telesante: yon biwo founisè ki nan rezo a, yon sant swen ijan nan rezo a, nenpòt lòt etablisman founisè ki nan rezo a pou pasyan ekstèn ki kapab fè dyagnostik varyòl senj lan oswa yon depatman ijans yon lopital, depi, sepandan, yo ka enpoze ko-peman, ko-asirans, ak dediktib anyèl yo an akò ak règleman oswa kontra ki aplikab pou nenpòt ki swivi swen oswa tretman pou viris varyòl senj lan, ki gen ladan yon admisyon nan lopital, jan lalwa pèmèt, epi yo ka aplike yon dediktib pou yon plan sante ki gen gwo dediktib jan sa defini nan Seksyon 223(c)(2) Kòd Entèn Revni an si lalwa egzije sa.

F È T anba siyati mwen ak So Prive

Eta a nan Vil Albany nan  
vennwityèm jou mwa out  
nan ane de mil vennde.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a